Республикэпсо щIыхьэхум жыджэру фIыхэт!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№52 (22. 210) • 2012 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 24, щэбэт • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэм яхуозэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Илъэсыр кьыззрыунэхурэ иджы ещанэу хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэм яхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен. ЗэIущIэм зыщытепсэлъихьа Iуэху нэхъыщхьэр Налшык кьалэм щыIэ хабзэ щытыкIэрщ.

«ДЭ КЫЗДГУРЫIУН хуейщ КъБР-м цIыхуу исым я процент 28-м нэблагъэр республикэм и кьалащхьэм зэрыщыпсэур, мыбы къэрыкъэт Iуэхущ1ап1э мыинхэмрэ курытхэмрэ я зэхуэдитIыр, автотранспортым и процент 60-м нэсыр зэрыщыIэр», - зэIущIэр кьыщыхьэIуихьым жиIащ Кьанокъуэ Арсен. Абы кьыхигъэщхьэхуэдиащ сутхэ кьэс республикэм щыщу, нэгъуэщI субъектхэм кьикIыу ди санаторхэмрэ пансионатхэмрэ кьэкIуауэ е гъуэгурыкIуэу мин 500-м нэблагъэ Налшык зэрыщыгъэблэкIыр. Абы кьыхэкIыу хабзэр хъумэныр кьарузехьэ орган псоми я лэжьыгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэщ.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъахэм кьагъэльэгъуащ Налшык и щIыналъэм щалэжь языныкъуэ хабзэншагъэ лIэужьыгъуэ-хэм ящыщу зэхэгъэкIэхэм я бжыгъэмэ зэрыхэхъуэр. Ауэ нобэми кьалэн нэхъыщхьэ дыдэр экстремизмымрэ терроризмымрэ япэщIэтыныщ, щIалэгъуэлэм хабзэншагъэхэр щалэжь къэмыгъэхъунырщ. Цыхубэ дружинэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр Къэрал Думэм и депутатхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентымрэ щыхаха лъэхъэнэхэм хабзэр хъумэным хъарзынэу хэтащ.

Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэм быдзу жаIащ кьалэдэхэр кьыхэмыщIыкIыжу псэун папщIэ яхуэзфIэкI псори зэрадгъэкьар. ЦIыкухэм я Iуэхур къигъэпсынщащ полицэм и кьудамэу тIу кьалэм кьызэрыщыгъэуахьжам. Хабзэм и хъумакIуэхэм зэпымыууэ я папщIэ Налшык кьалэ округым и щIыналъэ администрацэри. КьащIэмэ, кьалэ совет-тым и депутатхэр сыт щыгъуи хэтщ МВД-м и лэжьакIуэхэм кьыззрагъэпэщ рейдхэм.

ЗэIущIэм хэтахэм зэакьылэгъуу жаIащ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIэр зыхуэдэр тэмэму кьэзыльыгъэфынур кьарузехьэ орган псоми я лэжьыгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэщ.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъахэм кьагъэльэгъуащ Налшык и щIыналъэм щалэжь языныкъуэ хабзэншагъэ лIэужьыгъуэ-хэм ящыщу зэхэгъэкIэхэм я бжыгъэмэ зэрыхэхъуэр. Ауэ нобэми кьалэн нэхъыщхьэ дыдэр экстремизмымрэ терроризмымрэ япэщIэтыныщ, щIалэгъуэлэм хабзэншагъэхэр щалэжь къэмыгъэхъунырщ. ЦIык

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Хъугъуэфlыгъуэ щыlэм я нэхъ лъапlэ

(Кlуэхыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.)

Щэнхабзэмкlэ Іуэхущlапlэхэм я зэфlэкlыи абыхэм ирагъэкlуэкl лэжьыгъэми зафбгъу эмпгущ. Гъэ кьэс-нэхыбэ мэхьу цыхубэ творчествэмкlэ гупхэм, кружокхэм, щэнхабзэр фыуэ зыльагъуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я бжыгъэр. Индустриэ республикэм и районхэмрэ кьалэхэмрэ щэнхабзэмкlэ, зыгъэпсэхуГъуэр кьызэгъэпэщыныкlэ Іуэхущlапlэу 152-рэ щыlэщ. Абыхэм цыху мин 40-м щигъу кьызэщlэзыубгъу клуб, зэгухьэныгъэ зэмылlэужьыгъуэу 1700-рэ кьызщызэрагъэпэщащ. «Щапхъэ зытрах», «цыхубэ» щэхэр зэрахьэ художественнэ самодеятельностым и гупу 90-м.

Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щыlэп унафэр зезыгъаКуэ я организацэ щъгъэкъуэн кьишlуРэ, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм мыкъэнэшхэу зиlэ Іэжьыгъэ зыбжанэ иригъэкlуэкlащ. Абыхэм ящыщщ адыгэ цыхубэ уэрэдыжьхэмкlэ - Къырдзэнгъуэ Зырамыку и цlэр зезыкьэр, балькъэрлъхубэ уэрэдыжьхэмкlэ - Отаров Омар и цlэр зезыкьэ республикэ фестивалхэр, художественнэ самодеятельностым и гупхэм «цыхубэ» цlэр яфlэщынымэ теухуа республикэ епльныныгъэр.

Республикэм и самодеятельностым хэтхэм творчеркэ зэфlэкlышхэу щагъэпытагъуэ дунейпсо, щыналъэ фестивалхэм, зэпеуэхэм. Бахьсэн кьалэм и «Бахьсэн ауэ» щапхъэ зытрах кьэфакlуэ ансамблыр Тыркъым щрагъэкlуэкlу дунейпсо Іуэрыlуатэ фестивалым гъэкьэс хэтщ. Бахьсэн кьалэм уэрэдымрэ кьафэмкlэ и «Джэгуакlуэ» цыхубэ ансамблыр адыгэ щэнхабзэм и V фестивалу Адыгэ Республикэм щекlуэкlам, Беларусь Республикэм кьыщызэрагъэпэща «Зэныбжьэгъугъэм и удэ гъэтэ Іэрамэ» цыхубэ творчествэмкlэ дунейпсо фестивалым ирагъэблагъащ. Бахьсэн районым Щэнхабзэмкlэ и унэм уэрэдымрэ кьафэмкlэ и «Кавказ» цыхубэ ансамблыр щыlащ лъэпкъ щэнхабзэхэм я щыналъэ зэхуакуэ фестивалым Щэщэн Республикэм щекlуэкlам. Апхуэдэу Лэскэн районым уэрэдымрэ кьафэмкlэ и «Анзорей» цыхубэ ансамблыр Италием щекlуэкlа фольклор фестивалым. Май районым и «Феникс» уэрэджыlакlуэ гупыр Москва кьалэм щекlуэкlа «Урысейм и цыхубэ зэчиифlэхэр» дунейпсо фестивалым, Прохладнэ районым и «Любава» цыхубэ ансамблыр кьэзакъ щэнхабзэм и фестивалу Адыгэ Республикэм кьыщызэрагъэпэщам, Прохладнэ районым щапхъэ зытрах и «Поветрулэ» сабий ансамблыр Пятигорск кьалэм щекlуэкlа урысейпсо фольклор ассамблеем, уэрэдымрэ кьафэмкlэ «Терчанка» цыхубэ ансамблыр Дагъыстан Республикэм кьыщызэрагъэпэща «Си Хэкур Урысейрщ» щыналъэ фестивалым хэтащ.

Хабзэ хьуауэ, Дзэлыкъуэ районым сабий художественнэ творчествэмкlэ «Вагъуэ-иж», Прохладнэ районым цыхубэ творчествэм и «Прохладнэ гъатхэ», Лэскэн районым «Лэскэн и кьэрал» университетым, Краснодар щэнхабзэмрэ Іуэхущlапlэм и кьэрал университетым, Театр гъуэдждэхэмкlэ Урысей академием, Гнесинхэ я цlэр зезыхьэ Урысей академием. Щукин Борис и цlэр зэрихьэу Москва университетым, Театр институтым 2011 гъэ лъандэрэ щрагъаджэ цыху 15 хьу адыгэ студиер.

Къэбэрдей-Балькъэрым щыlэтеящ профессионалнэ щэнхабзэ зэрырагъэгъуэт, Іыхьишу зэхэль системэ. Налшык щолажьэ Гъуэдждэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтыр, Щэнхабзэмрэ гъуэдждэхэмкlэ Къэбэрдей-Балькъэр колледжыр. Республикэм гъуэдждэхэмкlэ сабий школу 42-рэ щыlэщ. Музыкэмкlэ школхэм гъуэзджэм и лlэужьыгъуэ 12-м щыхъугаГъ. Абыхэм щlэсхэм щыщщ нэхъ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ сабий зыбжанэ «Урысейм и сабий зэчиифlэхэр» Урысейпсо зэпеуэм щытекlуащ.

КъБР-м власткlэ и органхэм лэжьыгъэщхэу ирагъэкlуэкl республикэм щыпсэу льэпкъхэм я щэнхабзэ хьугъуэфlыгъуэхэр хьумэным хуэпъэзэауэ. Абы мыхьэнэ зэрыlэ и1эш щыхуэхэм хэкур фыуэ ялъагъуу гъэсэнымкlэ, туризмым зегъэужьынымкlэ, ди щыналъэм инвестициэхэр кьыхуэзэщlэгъэуlуэнымкlэ. Иджыпсту Къэбэрдей-Балькъэрым и кьэрал учетым щытщ тхьдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъу 521-р. А псо ри Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зыкъызгъэдэн щымыкъ и хьугъуэфlыгъуэ, дунейпсо щэнхабзэ фэеплъхэм кьыгъэхьпlэ зимыlэ я Іыхьэщ.

Гъэ кlуам лэжьыгъэшхуэ ирагъэкlуэкlащ библиотекэхэм я лэжьыгъэр егъэфlэкlуэныр куэдкlэ зэпльагъ Іуэхур дгъэкьынымк - тхьылъ фондхэм хэгъэхъуэным - хуэгъэзауэ. Абы федеральнэ, республикэ бюджетхэм, щыналъэхэм я бюджетхэм я ахъщэу сом мелуани 9,5-рэ трагъэкlуэдащ.

Республикэм иджыпсту щыlэ библиотекэ 165-м щыщу 4-м республикэпсо статус яlэщ. Абыхэм я лэжьыгъэр псом япэу зыхуаунэтlыр сабийхэмрэ ныжьыкlыщlэхэмрэ тхьылъыр фыуэ егъэльагъуныр щ. Абы папщlэ библиотекэхэм щыlэхалъхьащ программэ хьэлэмэт зыбжанэ. Апхуэдэу лэжьыгъэ зэмылlэужьыгъуэ куэд ирагъэкlуэкlащ сабийхэмрэ щалэгъуалэмрэ я зэхэщlыкlыр кьэIэтыным, хэкур фыуэ ялъагъуу гъэсэным хуэунэтlагъэ. Мечиев Кязим и цlэр зезыхьэ республикэ щалэгъуалэ библиотекэм Наркотикхэр зэрызыбгъэкlыным кlэлъыплъыным кlэнатlэм и лэжьакlуэхэр хэту щрагъэкlуэкlащ щалэгъуалэр наркотикхэм емыгъэтхьэкlыным теухуа зэхьхьэщхьэу. Пащlэ Бэхмырзэ и цlэр зезыхьэ республикэ сабий библиотекэм кьыщызэрагъэпэща семинарыр траухущ сабийхэм хабзэр кьыззэпамыдыным хуэгъэзауэ библиотекэхэм ирагъэкlуэкlыпхьэ лэжьыгъэм. «Сабийхэмрэ ныжьыщlэхэмрэ ядэлажьэ библиотекэ нэхъыфlэ» республикэ зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и муниципалнэ библиотекэ псорн. Тхьылъыр фыуэ зыльагъуэу республикэм исхэм ящыщ куэд кьрихьэлlащ Мэлбахъэу Тимборэ и цlэр зезыхьэ Льэпкъ библиотекэр кьызэрагъэпэщэу семинарыр траухущ сабийхэм хабзэр кьызэпамыдыным хуэгъэзауэ библиотекэхэм ирагъэкlуэкlыпхьэ лэжьыгъэм. «Сабийхэмрэ ныжьыщlэхэмрэ ядэлажьэ библиотекэ нэхъыфlэ» республикэ зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и муниципалнэ библиотекэ псорн. Тхьылъыр фыуэ зыльагъуэу республикэм исхэм ящыщ куэд кьрихьэлlащ Мэлбахъэу Тимборэ и цlэр зезыхьэ Льэпкъ библиотекэр кьызэрагъэпэщэу семинарыр траухущ сабийхэм хабзэр кьызэпамыдыным хуэгъэзауэ библиотекэхэм ирагъэкlуэкlыпхьэ лэжьыгъэм. «Сабийхэмрэ ныжьыщlэхэмрэ ядэлажьэ библиотекэ нэхъыфlэ» республикэм и Къэрал саугъэтхэр лиературэмрэ Іуэхущlапlэхэм зэратыным, теухуа гъуэзджэм и Іэнатlэм КъБР-м и Іэтащхьэм и грантхэр зэрызхахьынрэ.

Льэпкъыгъ ильэсым Къэбэрдей-Балькъэрым щекlуэкlынущ жылагъуэ-щэнхабзэ лэжьыгъэ инхэр. Абыхэм ящыщщ Урысей къэралыгъуэр кьызэрызэрагъэпэщэ ильэс 1150-рэ, Къэбэрдей-Балькъэрым ильэс 455-рэ зэрырикъум иращlэжьыну дауэдапщэхэр. Абы и льэныкъуэкlэ мыхьэнэшхуэ и1энущ а гуфlэгъуэ пlальэхэм ехьэлlауэ Толстой Алексей и пьесэм кьытращыыкlа спектаклым и премьерэ Щодзэнщыкlэ Аслан щlэр зезыкъэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым зэриГъэльэгъуэнум.

Республикэм кьыщызэрагъэпэщынущ льэпкъ щэнхабзэм и лэжьаныгъэ зэрыгъэхъуэну НалоАхьмэдхьан, Кьыш Мухьэмэд, Кулиев Кьайсин, нэгъэущlэхэми ятеухуа юбилей дауэдапщэхэр.

УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ УФ-м и Театр лэжьакlуэхэм я союзым и Къэбэрдей-Балькъэр щылналъэ кьудамэмрэ я дэlэпыкъуныгъэкlэ Налшык кьалэм щэнхабзэмкlэ щыlэныгъэ зэхэщlыкlэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и республикэхэм я «Ищхъэрэ щыналъэм и сценэ» етlуанэ театр фестивалыр. Ар зыхуэунэтlар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Льэпкъ театрхэм яку дэлъ творческэ зэпыщlэныгъэхэр гъэбыдэнымкlэ, щlэблэр зэхэщlыкlыльагэ яlэу гъэсэныгъ. Фестивалым хэтынущ Дагъыстан, Кьэрэшей-Щэрджэс, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Щэшэн, Ингуш республикэхэм я театр нэхъыфlхэр.

Иджыблагъэ КъБР-м щекlуэкlащ усакlуэ Іэуэхущlапlэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат Кьэшэж Иннэ кьыззэральхъуэ ильэс 65-рэ зэрырикъум теухуа даущдапщэ гъэпсыкlа Кьэшэж Иннэ и фэеплъ гъэлъапlэным Москва кьалэм щыпащэнущ. Кьэшэж Иннэ и фэеплъ пщыхьэщхьэ Литературхэм я унэм накьыгъэ матэм щыlэкlуэкlащ, ар ахъущу усакlуэм и кхъащхьэу Хованьковскэ кхъэм щыlэм сын трагъэувэнущ.

Мы лжьыгъэхэм хиубыдэу зэман гъэнэгъуэм кьызэрагъэкlыжащ ди хэкур Урысейм и гъуэзджэ Кьыш Мухьэмэд и фэеплъ пщыхьэщхьэ.

Апхуэдэу мы гъэм яГъэзэщlэн хуей нэгъуэщl проект уиэхэм щыlа художественнэ гупхэр фащэхэмкlэ, музыкэ, адыгей Іэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъэпэщынщ. Щэнхабзэмкlэ лэжьыгъэхэм я унэтlныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм яущащ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я феепльу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щыналъэм щыlэхэр хуэсакъыу хьуэнри.

Фестивалым зэнкуэр Іуэхущхэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиlэхэр кьызэрагъэпэщынщ, сыт щыгъуи хуэдизу, 2012 гъэми яхуэфащэ гулыпlэ хуащlынущ. Псом хуэмыдэу нэхъ егупуу бгъэдэлъэнущ иджырей драматургие зэтегъуэвэным, ди лъэпкъхэм ящыщ иджырей композиторхэм я лжьыгъэ нэхъыфlхэр хэлъщlыу щыным, иджырей Іэмэпсымэ музыкэ Іуэхуджэр хьуэным.

Щэнхабзэ зегъужьынымкlэ мыхьэнэшхуэ и1энущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэр литературэмрэ Іуэхуджэхэмкlэ зэратыным, теухуа гъуэзджэм и Іэнатlэм КъБР-м и Іэтащхьэм и грантхэр зэрызхахьынрэ.

Льэныкъуэкlэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щlэ Хлопоник А.Г. зи унафэщlу кьызэрагъэпэщакlуэ комитетым и пащхьэ ирилъхьэнущ мы гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщызэрагъэпэщащ «Кавказ Джэгухэр-2012» Кавказ Ищхъэрэ фестивалым и кlэуакlыкlэнр. Налшык апхуэдэу щыпащэнущ «Кьафэхэр - Іуащхьэмахуэ и щыгум» дунейпсо фольклор фестивалым.

2012 гъэм кьытпущыт кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ щэнхабзэ, тхыдэ хьугъуэфlыгъуэхэр хьумэныр, КъБР-м и музей фондым и къэрал Іыхьэм идыкlыгъэ изобразительнэ, декоративно-прикладной гъуэзджэхэм хиубыдэ лэжьыгъэхэм я хьэкlэ зегъэубгъуныр.

ФЫРЭ Руслан,
КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр.

СыткIи щапхъэ

● Хьуэхъу

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и коммунистхэр гуапэу йохьэхьу жылагъуэ лжьакlуэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, КъБР-м щlыкъ зиlэ и егъэджакlуэ, 1943 гъэ лъандэрэ Коммунистическэ партиер Полищук Иван Илья и кьуэм и ныбжьыр илъэс 90 зэрырикъумкlэ.

Уэшнщагъэ быдэ уиlэу, фыгъуэм ущымыщlэу упсэуну, нэмыцэ зэрыпсъуакlуэхэм ящыпхъума Къэбэрдей-Балькъэрым и зыужьынымкlэ, ди щlалэгъуалэр хэкупсэу щытыным адэкlи уи гущlэ эпплхьэу ди япэ уитыну ди гуапэщ.

* * *

Полищук Иван «Адыгэ псалъэ» газетым штатым хэмыт и корреспондентщ илъэс кущ хьуауэ. Абы и тхыгъэхэм гъащlэм и лъэныкъуэ кущ кьызэщlаубыдэу, Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм гу льыуагъатэу, фlым, дахэхэм, хэкупсэу щыlатыным ухьыхураджэу, гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиlэ апхуэдэщ.

Украинэм кьыщалъхуами, хэку етlуанэ хуэхъуа Къэбэрдей-Балькъэрыр гукlи псэкlи фlыуэ ильэгъуащ абы, щыналъэм зиужьынымкlэ,ефIэкIуэнымкIэ езым хуэзфlэкl кьигъэнакъым. Апхуэдэу Полищук Иван и жэрдэмкlэ Налшык хэтащ «Зауэ щыlалъмэ и кьалэ» Урысейпсо зэпеуэм икlи 2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м УФ-м и Президентым Іэщlидзащ а щlэ Іыапlэр ди кьалащхьэм кьыззэрыфlащам теухуа унафэм. А цlыху щджащэм и фlыгъэкlэ, Хэку зауэшхуэм зэта ди хэкуэгъуэм я щlэхэр фlащащ кьалэ, кьуажэ уэрам зыбжанэм, зауэм и щlыкъ мэзиуэ 16 кьыззэуахащ.

Ноби жьыдэрщ Полищук Иван, компьютерым ирилъхьэу зригъэсауэ, республикэм кьыщыдкlэ газетхэм жылагъуэ гъащlэм щекlуэкlэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа и тхыгъэхэр кьытхурегъэхь. Гъащlэр кьызэрыхуэпсэ дэтхэнэ зы махуэми гуапэу пежьэф, дунейм щекlуэкlэ Іуэхугъуэхэм фlыр кьыхъэныфlу къэзыхуреихьэм абыкlэ ядэгугъэшэф Полищук Иван щlэблэм я дежкlэ щапхъэ иэщ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лжьакlуэхэр нэхъыжьыфlым йохьэхьэу нобэ зэрыщытым нэхърэ нэхъ Іей мыхьуу, зи ущиякlуэ щlэблэм я насыпым, екьулlэныгъэм и лъэр щlигъкlуу, нэмыс кьыхуащlрэ и пщlэр яЗэту куэдрэ яхэтыну!

Полищук Иван

● Гъатхэпэм и 24-р Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

Дохутырым и чэнджэщхэм утетмэ...

Узынщагъэр хьумэныкlэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкlэ, 1993 гъэм гъатхэпэм и 24-р Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэу яГъуэващ. Апхуэдэ щыкlэкlэ я мурадт ар узыфэ щынагъуэу зэрыщытыр, абы уэзыгъэныкlэ щlэн хуейхэр щыхуэфэн я деж нахьсыщу. Ильэс кьэс а узыфэм йолIыкI щIыхуэ мелуан 1,6-м нэблагъэ.

ЖЬЭН узыр хьэлъэу узыгъэсымаджэ узыфэ зэрыщlалэщ. А узыр кьызэпыкрыкl микробхэр гъэкlуэдыгъуейщ, абы кьыхэкlыу сымаджэм дежкlэ мыхьэнэщхуэ иЭщ кьабзагъэм, ар сыт и льэныкъуэкlи зыкlэлъпlулъжьын хуейщ. Псом хуэмыдэу сакъын хуейщ лы, шэ, шатэ, джэдыкlэ хуэдэхэр кьыщыщщэхукlэ. А ерыскъыхэм жьэн узыр кьэзыгъэхьей микробхэр нэхъ яхуэлъэщ, абы кьыхэкlыу ящщ щапхъэ щIыпIэхэм кьабзагъэм и хабзэхэр кьыщызэпаудмэ, цlыхум и узышагъэм и дежкlэ абы кьашэ щынагъэр кьыпхуэмылытэнщ.

Сымаджэр щыпсчэкlэ, кьыщепскlэ, щыпсалъэкlэ, и Іупсыр тэмакъым кьыщыгъэгъкlкlэ кьыжьэдэкlи микробхэр метригlкlэ «эзбголъэ», ихьуреягъкlэ щыlэ хьэпшыпхэри хьэуари яуцlэпIу. Апхуэдэу жьэн зыщыр зыпкъыт сымаджэр щыпсчэм ирихьэлIэу сабийр бгъэдыхьамэ, зэман мащlэкlэ фlэкlа абы и гъуэсу щымытами, ар кьицlэлфынущ.

Сабийм и Іэпкьлъэпкъыр зэрызэрымыубдам кьыхэкlыу, жьэн узым и микробым «хуэзэ» сабии 100-м щыщу плIыр сымаджэ хьунымкlэ щынагъуэ щыlэщ. Гъэщlэгъэныгъащи, а узыр кьызэрыпшкърыхьар кьыумыщlэу зэман куэд дэкlынкlи хьунущ. Жэщкlэрэ кьэпщlантlэзу, кьыхэпсчыкlыу зэрыщытыр кьафlэмыГуэдэу мазэ зыбжанэкlэ йокlуэкl. А зэманым кьриубыдэу Іэпкьлъэпкъыр йонькъуэкъу бактерием икlи хуэм-хуэмурэ тхьэмбылым «тIысшIэ» щищIыну хущlокlу. Абдежым тхьэмбылым игъуэта сэкъатыр зыхуэдэр фlы дыдэу кьыпхуэщlэнчэ щыр флюорограф Іэмэпсымэмкlэ. Сыт хуэдэ узыфэри гъэхъужьыгъуафlэ хъунымкlэ нэхъыщхьэр ар хэмыгъэтlэсэнырщ, дохутырым и чэнджэщхэр тэмэму гъэзэщlэнырщ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Лаиз.

● Зэпеуэхэр

УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

«2012 гъэм и гъэсакlуэ нэхъыфlэ» район зэпеуэм и нужьрей Іыхьэр иджыблагъэ Тэрч куейм щыIэхэтащ.

АБЫ и пэкlэ екlуэкlа Іыхьэхэм щытекlуэри, финалым щlэзыщlащ Джэршыш Заретэ (Краснаремейскэ школ), Гъэнибэ Мадинэ (прогимназие №2, Тэрч къ.), Магомедовэ Равидэ (сабий гъэсапlэ - пэщlэдзэ еджапlэ №3, Тэрч къ.), Тумэ Андэ (Акьбащ Ипщэ курыт школ), Щомахуэ Марьянэ (прогимназие №1, Тэрч къ.).

Гъэсакlуэ Іэзэхэм видеороликхэмрэ слайдэхэмрэ кьагъэсэбэнуэ я кьатъэпэгъуэщ и лэжьыгъэр зэрызэхэль щыкlэр. Къэпщlатакlуэхэм кьатьытащ гъэсакlуэхэр зытелсэтыхьэ Іуэхугъуэм идкыжьрей зэманым щlэ увыпIэр, егъэджэныгъэ Іэмальщlэхэр кьызэрагъэсебэныр, сабийхэм зэрадзкlыжьыр, методикэмрэ технологиещlэхэмрэ я дерсхэм зэрыхаухуанэм кьыпэкlуэ сэбэпынагъэр, нэгъэущlэхэр.

Гъэсакlуэхэм етlуанэу хуагъэува кьалэныр Іуэху зэфlэзэрыльхар зэхэхьыныкlрти, абыи пэпъещащ зэпеуэм хэтхэр. Ещанэу педагогикэм, психологием, егъэджэныгъэм ехьэлIа упщIэхэм зэкlуэрыратыфlр яГъэльэгъуащ гъэсакlуэхэм.

Зэхьэзэхуэм кьрикlуаэхэм щытепсэтыхьыхьи, ЕГъэджэныгъэмкlэ Тэрч районым Іуэхущlапlэм и унафэщlым и къуэдзэ, кьэпщlатакlуэ гупым и пащэ Бэлэтокъуэ Ася кьыхэкlыэщащ зэпеуэм хэта дэтхэнэми бгъэдэль акъылыфlагъыр, Іэзэгъыр, зэчиIр кьигъэльэгъуэну зэрыхуэзэфlэкlар.

Гъэсакlуэхэм Іэнатlэм гъэпгъэм кьаха бащlу бжыгъэхэр зэхалъхьажа нэужь, «2012 гъэм и гъэсакlуэ нэхъыфlэ» район зэпеуэм щытекlуащ Щомахуэ Марьянэ. Апхуэдэуи адрей гъэсакlуэхэри унэтlныгъэ зэхуэмыдэхэмкlэ яГъэпэжащ.

КIУАНПIЭ Замирэ.

Шыдакъ Татьянэ и макъ дахэр

● ДифI догъэтъапIэ

Нобэ си гуапэу и гугъу фхуэсщIыну сыхуэйщ сэ нэIуасэ схуэхъуа цIыхубэ хьэлэмат. Си фIащ хъурэ-шыным абы и макъыр кlэлlэу зэхэзымыыка Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIепсэуу, и тепIэмкIэ куэм къыкlэлlащ щыlэм. Радиопримешкыр щIэбгъэна нэгужь, ди республикэм и дзэ щIыпIи щыlэзэхэпхьнущ: «Микрофоным Іуэсыр ЩIыдакъ Татьянэщ», - жиlэу.

НАЛШЫК къалэ къыщалъхуа, КъБКъУ-м хамэ къэралхэм я филологиемкlэ и кьудамэр къэзыуха бзыльхугъэм дbiкlэр Іэщlагъэр кьыщыхьахэр ар сытым дежи и хъуэпсапIэу щытати аращ. Шыдакъ Татьянэ и зэмани, и къаруи, зэфlэкlыу иIэри илъэс бжыгъэ куэд хуауэ зыхихьхьэ Іэнатlэм дэрэжагъуэз мыухыж кьрет. Ар сыту насыпышхуэ, ди щlэблэм гухэхъуэгъуэ кьуиту улэжьэныр.

Сыту пIэрэт Татьянэ диктор хъунущ щIэхъуапсэр? Езым игу кьыззэригъэкlыжьмкlэ, а Іэщlагъэм гухэль хуеэзыгъщlар макъ дахэ зиlэ, щIыхьэ гуакlуэ. Москва телевидеэм и диктор Моргуновэ Светланэщ. Щlыху куэдым фlыуэ ялъэгъуа а диктор щlэрыщым и Іэзагъэм Татьянэ пасэу дихьэхат. А зэманым ди щIыпIэ радиом зэпеуэ кьызэригъэпэщауэ диктор Іэщlагъэм ирилажьэн кьыхахьыу Татьянэ кьыщlэщlам, куэдрэ гупсысакьым. А зэпеуэм хэтыну щIыхь 80 кьэкlуэлlати, абыхэм ящlыщу къащтэнур зыгъ. Мыбдежым Татьянэ ятекlуащ апхуэдиз щIыхь.

Абы лъандэрэ, 1973 гъэм щыщхьIэм и 23-м кьыщыщlэдзауэ, зэпымыоу мы зэзэшьку пэрытщ и Іэнатlэм. Шыдакъым и Іуэгуанэ дахэм кьыдыдтета и гъэсакlуэ, пажьэгъу куэдым я щlэхэр гуапэу игу кьегъэкlыж Татьянэ: режиссер Іэщlнокъуэ Тамарэ, урысыбзэ нэтынкъэм я редактор нэхъыщхьэ Адlэунэ Рае, дикторхэу Безроковэ Хужь, Рахаевэ Фатимэт, Мирзоевэ Умар, Багъэтыр Арсланэ, Созаев Ильясс, Отаров Мажид, Мыз Майе, Пщыгъэтыж Алий, Асановэ Зайнаб, Шыдакъым Татьянэ хуэдэу Іуэрэжу Хужь, Рахаевэ Фатимэт, Мирзоевэ Умар, Багъэтыр Арсланэ, Созаев Ильясс, Отаров Мажид, Мыз Майе, Пщыгъэтыж Алий, Асановэ Зайнаб, Шыдакъым Татьянэ хуэдэу Іуэрэжу зимыIэ Іуэхущ кьалъытэ зи Іэмыкlыу Іэщlагъэм Іэмал зимыIэ Іуэхущ кьалъытэ зи Іэмыкlыу Іэщlагъэм Іэмал зимыIэ Іуэхущ пэрытхэм. И лэжьыгъэм тёухуауэ ищlэр фIэмащlэу СССР-м радиомрэ телевидиэнмрэ я лэжьакlуэхэр щагъэхьэзыр институтым щIэтIысхьэри кьиуахащ Татьянэ. А зэманым ди телерадиокомитетым кьызэригъэпэщу щIедзэ проектыщIэхэр. Апхуэдэ зы нэтынным и унафащlэр Шыдакъ Татьянэт. Иужьыгъэкlэ абы кьызэригъэпэщащ музыкальнэ хъэхъуэхэр зи плъабжъэ нэтынныр, «Г-Сердце» зыфlащ. Ди республикэм и дзэ щIыпIи кьращlыкlыгъэ щlыхъэр кьэпсалъэрт абы. Езы Татьянэ мыпхуэдизу игу кьегъэкlыж а пэтынхэр: «Сигу иригъэкlырт а нэтынхэр. Абыхэм зэта щlыхъэр кьызэригъэкlыжм я гупсысакьым. А зэпеуэм хэтыну щIыхь 80 кьэкlуэлlати, абыхэм ящlыщу къащтэнур зыгъ. Мыбдежым Татьянэ ятекlуащ апхуэдиз щIыхь.

УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ УФ-м и Театр лэжьакlуэхэм я союзым и Къэбэрдей-Балькъэр щылналъэ кьудамэмрэ я дэlэпыкъуныгъэкlэ Налшык кьалэм щэнхабзэмкlэ щыlэныгъэ зэхэщlыкlэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и республикэхэм я «Ищхъэрэ щыналъэм и сценэ» етlуанэ театр фестивалыр. Ар зыхуэунэтlар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Льэпкъ театрхэм яку дэль творческэ зэпыщlэныгъэхэр гъэбыдэнымкlэ, щlэблэр зэхэщlыкlльагэ яlэу гъэсэныгъ. Фестивалым хэтынущ Дагъыстан, Кьэрэшей-Щэрджэс, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Щэшэн, Ингуш республикэхэм я театр нэхъыфlхэр.

Иджыблагъэ КъБР-м щекlуэкlащ усакlуэ Іэуэхущlапlэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат Кьэшэж Иннэ кьызэральхъуэ ильэс 65-рэ зэрырикъум теухуа даущдапщэ гъэпсыкlа Кьэшэж Иннэ и фэеплъ гъэлъапIэным Москва кьалэм щыпащэнущ. Кьэшэж Иннэ и фэеплъ пщыхьэщхьэ Литературхэм я унэм накьыгъэ матэм щыlэкlуэкlащ, ар ахъущу усакlуэм и кхъащхьэу Хованьковскэ кхъэм щыlэм сын трагъэувэнущ.

Мы лжьыгъэхэм хиубыдэу зэман гъэнэгъуэм кьызэрагъэкlыжащ ди хэкур Урысейм и гъуэзджэ Кьыш Мухьэмэд и фэеплъ пщыхьэщхьэ.

Апхуэдэу мы гъэм яГъэзэщlэн хуей нэгъуэщl проект уиэхэм щыlэ художественнэ гупхэр фащэхэмкlэ, музыкэ, адыгей Іэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъэпэщынщ. Зыужьыныгъэщlэ игъуэтынущ «Налшык Кавказ Ищхъэрэм и щэнхабзэ кьалащхьэ» фестивалым.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкlуэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щlэ Хлопоник А.Г. зи унафэщlу кьызэригъэпэщакlуэ комитетым и пащхьэ ирилъхьэнущ мы гъэм КъБР-м щекlуэкlащ «Кавказ Джэгухэр-2012» Кавказ Ищхъэрэ фестивалым и кlэуакlыкlэнр. Налшык апхуэдэу щыпащэнущ «Кьафэхэр - Іуащхьэмахуэ и щыгум» дунейпсо фольклор фестивалым.

2012 гъэм кьытпущыт кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ щэнхабзэ, тхыдэ хьугъуэфlыгъуэхэр хьумэныр, КъБР-м и музей фондым и къэрал Іыхьэм идыкlыгъэ изобразительнэ, декоративно-прикладной гъуэзджэхэм хиубыдэ лэжьыгъэхэм я хьэкlэ зегъэубгъуныр.

ФЫРЭ Руслан,
КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр.

Илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ дэкIауэ

(Кlуэхыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.)

Сирие кьэралыгъуэр адыгэхэм я лейкlэ кьызэреплъри кьызэрыхуэзарзыри нэрылъагъущ. Хасэм и тхьэмадэхэм я псалъэхэми Іуищlу кьыхоущ зэрыс кьэралым Іуэхур щызэтеувэжмэ, абыхэм нэхъ кьызэращlэр. Ауэ щlалэгъуалэм трагъэчыныхьэ Іуэхущlапlэхэм ящыщ Іэмал кьэратыр зэрыхуейм.

ЛIыкlуэхэр кьежьжьыи и пжlэ, хасэм и лжьакlуэхэр щыlыгъу агъуэру посольствэм кьекlуэлlэжащ, ялъэгъуамрэ Іуэхур здэунэтlыпхьэу кьалытэмрэ щыкlэ Іэжьи пащlэ. Посольствэм и лжьакlуэхэмрэ хасэм и лIыкlуэхэмрэ телефонхэмкlэ зэхъуэжащ, щыхуей дакьикъэм я Іуэху бгъэдалъхьэнри хуит кьащlащ.

Адыгэхэм нэмыщl, Сирием Урысейм и щIыхуу 30.000-м нэс щопсэу. Делегацэр абы-хэми яхуэзащ икlи, Жакъуэм и псалъэхэм кьызэрыхэщмкlэ, адыгэхэми мыадыгэхэми я гукъеуэхэр зэрхэхуэ, псоми дэфтэр кьыдэхэныр кьатохьэлъэ.

«Дамаск щыплъагъурт Урысейм кьыхуэгъэзэа фlыщlэ псалъэхэр, - игу кьегъэкlыж ДАХ-м и тхьэмадэм. - Ахэр кьызэрыгуэкlэ псэуплIэхэми УФ-м посольствэм и блынхэми тетт. Кьэралым и лжьакlуэу дызыхуэза министрхэми парламентым и депутатхэми емыгъэшу фlыщlэ псалъэхэр кьабгъэдэкlырт».

«Щlыхуэхуэ къэIэпхъуэжьыну ущыгугъынрэ ущымыгугъынрэ иджьпсту жьыIэ-ущlэ, - жиlащ Жакъуэ Кьэншlокlий и псалъэр щиухым. - Зи уни зи льапси зыфlэкlуэдауэ, Іэмал иIамэ, нобэ-ныжьэбэ кьэкlуэжьынхэр щыIэщ. Псалъэм папщlэ, сабий цIыпIэ иныгъыу зэгуIэм некIуэлlат зи уиэ якьуатауэ Хасэм инI щIыхуб гуэр. Щlипсэуи ямыIэжу я благъэхэм дежь Дамаск зыщlыхьхьэмэ ущагъуэхэри кьэкlуэжьну хьэзырщ. Лъэту тхьылъ щlалъхьауэ, кьэкlуэжьыну зэрыхуейм кlэ Іэ традзауэ щыIэр унагъуищэ-щитIым нэблагъэщ. Посольствэм и лжьакlуэхэмрэ хасэм и лIыкlуэхэмрэ телефонхэмкlэ зэхъуэжащ, щыхуей дакьикъэм я Іуэху бгъэдалъхьэнри хуит кьащlащ.

Адыгэхэм нэмыщl, Сирием Урысейм и щIыхуу 30.000-м нэс щопсэу. Делегацэр абы-хэми яхуэзащ икlи, Жакъуэм и псалъэхэм кьызэрыхэщмкlэ, адыгэхэми мыадыгэхэми я гукъеуэхэр зэрхэхуэ, псоми дэфтэр кьыдэхэныр кьатохьэлъэ.

«Дамаск щыплъагъурт Урысейм кьыхуэгъэзэа фlыщlэ псалъэхэр, - игу кьегъэкlыж ДАХ-м и тхьэмадэм. - Ахэр кьызэрыгуэкlэ псэуплIэхэми УФ-м посольствэм и блынхэми тетт. Кьэралым и лжьакlуэу дызыхуэза министрхэми парламентым и депутатхэми емыгъэшу фlы

Зи гуащІэмрэ лэжьыгъэмрэ тцымыгъупщэ

Къабардей-Балъкъарым и цІыхубэ тхакІуа Шэджыхьащэ Хьамыщэ къызэральхурэ илъэс 80 ирокъу

Шэджыхьэщ Хьамыщэ ТІру и къуэр Тэрч районым щыщ Абей (Урожайнэ) къуажэм 1932 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыщыхьэщащ. Къуажэ школыр 1951 гъэм кьиуащ. Дзэм ильэсищкІэ кьулыкъу щІащІащ. И хэкум кьитІэзэжа нэужь, Хьэмыщэ Тэрч районым и комсомол комитетым и кьудамэм и унафэщу мэлажьэ, кьуажэ школым физкультурэмкІэ щрегъаджэ.

1958 гъэм щыщІэдзауэ Хьэмыщэ печатым щылэжьащ. 1963 гъэм Шэджакъуэщ Іэм кьеух Партым и еджапІэ нэхъыщхьэу Ростов дэтыр. Ар Шэджэм, Дзэлыкъуэ районэм кьыщыдэжкІ газетхэм я редактору, полиграфкомбинатым и унафэщу лэжьащ. ИужькІэ Хьэмыщэ «Ленин гъуэгу» газетым щэнхабзэмкІэ и кьудамэм и унафэщІащ. Ар СССР-м и Журналистхэмрэ Тхакіуэхэмрэ я союзхэм хэтт.

1982 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1996 гъэ пщІондэ Хьэмыщэ «Эльбрус» тхыль тедзапІэм щылэжьащ редактору, итІанэ художественэ литературэмкІэ редакцэм и унафэщІу.

ШэджыхьэщІэм и лэжьыгъэфІхэм къапэкІэу «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941 - 1945 гг.», «Ветеран труда» медалхэр, КЪБР-м и Щыхь тхылыр кьыхуагъэфэщащ.

Шэджыхьэщ Хьэмыщэ и тхыгъэхэр щІэх-щІэхьурэ кьытекІуэрт республикІэ газетхэмрэ журналхэмрэ, «Эльбрус» тхыль тедзапІэм кьыщыдэкІырт.

Псалъэ щэрыуэхэр, гушыІэ дахэр Іэкіуэлакіуэу, хуэІэзэу къэзыгъэсэбэп тхакіуэхэм ящыщт Шэджыхьэщэ Хьэмыщэ. Абы ди литературэм хущІэхъуа къэхьэныгъэ и кьалытэрп, «Къабардей-Балькъарым и цІыхубэ тхакіуэ» щэ ІьпапІэр кьыфІащауэ щытащ.

И гушыІэ-ауанэр гукъинэж щцызыщІын художественэ Іэмалхэр Шэджыхьэщ Іэм хуэІэзэу кьигъуэтырт. Зыгепсэлъыхь щыхуэхэр я Іуэхущафэкіэ, я гупсысэкіэ, я псэльэкІэкІэ зэрызэмыщІхьым хуэдэу, тхакіуэм ахэр кьиузэригъэльагъуэ щыкІэр куэду зэщІхьщыкІырт.

Шэджыхьэщэм и гушыІэ рассказэхэр зэрыкупщафІэм, зэрыщІэщыгъуэм, шэрыуэу зэрытхам нэмыщІ, гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэным абы и литературэм дэразхэм я хьэл-щэнэр, я гушыІэхэр нэгъуэщІ лъэпкъхэм еІм хэгъуэщэнкІэ Іэмал зэримыІэм. Ахэр зэрыадыгэ гушыІэр, адыгэбзэ щэрыуэ фащэкІэ зэщІхъуэпыкІауэ зэрыщытыр дэтхэнэ рассказым щыпаІуэщ. Рассказхэм нэмыщІ, Хьэмыщэ и къалэмпІэ кьыщІэкІащ лъэпкъ тхыльеджэхэр дизхьэлу зыщІэджыкІ повестхэр, романхэр. Ахэр ди лъэпкъ прозэм и фІыпІэм хабжэ. Хьэмыщэ кьызэральытэу щытар прозаик, драматург къудейтэкьым, атІэ ар нкІи литературэмкІэ.

Шэджыхьэщэ Хьэмыщэ дунейм ехьжащ 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м. Ар щыщІальхьэжащ кьыщыдальуа кьуажэм.

АБАЗЭ Албэч.

ТхакІуэм и гъащІэм, абы и творческэм утетхыхьыну мурад щыщІкІэ, Іэмал иІэным уогупсыс: сыт хилъхьэ абы, сыдрэ ІуэрыІуатэ-ІуэрыІуатэ литературэм? Тхэн зэрыщІидзэр и кьалэмпІэ кьыщІэкІахэм я нэхьыфІыр дэтхэнэрэ, дауи кьыщыхьуа ар тхыльедкэм?

Тхьэр зыхуэупса

МИС апхуэдэ гупсысэхэмкІэ Шэджыхьэщэ Хьэмыщэ уб ГъэІорышІэ ІуэрыІуатэ-ІуэрыІуатэ ІуэрыІуатэ ІуэрыІуатэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Шхыныгъуэхэр

Гу гъэжьа-гъэбэкъуа, шыпс щIэту

БЫЛЫМ укIам и гур зэгуагъэжри псы щIыIэкIэ ятхъэщI, грамм 15 - 20 хъу гур гъжьаем щIыкIуэрэ яупщIатэ, шыуанымиралъхьэ, щIигъанэу псы щIыкIэ щIакIэ, шыгъу хадзэри мафIэр мыин дыдэу, шыуаныщхьэр тепIаеу зы сыхьэтрэ ныкъуэкIэ ягъавэ, тхъурымбэр кьытрахьыуэ. Абы и ужькIэ лэпсыр щIагъэж, гу ныкъуэвэм тхъу халъхьэ, зэIащIэуэрэ тхъуэпIль дахэ хъуэу ягъажьэ. ИтIанэ бжьын упщIэтэ халъхьэри, дакъикъи 2-3-кIэ ягъажьэ, лэпс кьыщIагъэжам щыщ щIакIэ, зэIащIэри зэ кьытрагъэкъуальэ. Иужькъ лэпс упщIыIуакIэ гуэдз хьажьигъэ гъэжьа зэхащIэ, ар гу гъэжьам зэIащIэуэрэ хакIэ, шыбжий сыр хьэжа хадзэ, шыуанымыщхьэр трапIэри, щыпсыр хьэзыр хъуху, дакъикъэ 30 - 40-кIэ, ягъэбэкъхъ. Хьэзыр хъуным дакъикъэ зы-тIу фIэкI имыIэжу щакIэ е тхъукIэ гъэлыбжьа бжьыныху халъхьэ. ТщIыгъу щIалэм и щIакъуэ и гуусэу.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):
Гум щыщ лIыэ - грамм 250-рэ
Гуэдз хьэжигъэу - грамм 10
Бжьыныхуэ хьэбзаурэ - грамм 30
Тхъууэ - грамм 30
Бжьыныху укъэбзаурэ - грамм 10
Шыгъуу, шыбжийуэ, лэпсу - узыхуейм хуэдиз.

Джэдыкlэжьапхъэ, шатэпскlэ щlауэ

ДЗЭХУ тепщэчым джэдыкIэр иракъутэри, тхъурымбэ кьищIыху яуда. Абы халъхьэ щимэ щIыкIуурэ упщIэта шебжьий плъыжь IэфI, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа, шатэпс, гуэдз хьэжыгъэ хэудаэу. Ар псори хуэмурэ зэIащIэри, тхъу къэпIъа зэрыт тебэм иракIэ. Тебащхьэр трапIэкри, лъэныкъуитIымкIи тхъуэпIль дахэ хъуху ягъажьэ. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпаупIэ. Яшх пщтыру, пIастэ, щIакIхъуэ, лэкъум и гуусэу.

Халъхьэхэр (щIыхуищ Iыхьэ):
Джэдыкlэу - 6
Шыбжий плъыжь Iэфlу - 1
Гуэдз хьэжигъэу - грамм 20
Тхъууэ - грамм 30
Шатэпсу - грамм 200
Шыгъуу, шыбжий сыру - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

XX ЛIЭЩIыгъуэм и пэщIэдзэм языныкъуэ пащтыхьыгъуэхэр зэхэхьугъэжащ, языныкъуэхэм я хуитныгъэхэр нэхъ мащIэ хьуащ. Ауэ щIыхьукIи, иджыри кьыдэсым къэрал щIыIэщ пащтыхьхэмрэ пащтыхь гуащэхэмрэ унафэр щаIэщIэлъу.

Диктаторхэр

КЪЭРАЛ зэщIэхъеенымгъэхэмрэ граждан зауэхэмрэ я лъэхъэнэм языныкъуэ пащтыхьыгъуэхэр кIуэдыжауэ щытащ. Ауэ абыхэм я пIэ кьиувааэр пащтыхьхэм кьаэрыщIхэощыкI щIагъуэ щыIэтэкъым.

Цэдэн Мао (1893 - 1976) Китайм и коммунистхэм я Iэтащхьэу щытащ. Ар къэрал властым щыпэрыхьа лъэхъэнэр ирихьэлIащ иужьрей дыдэ китай пащтыхьыр традза нэужь къэхуа зэщIэхъеенымгъэшхуэм. Зэман дэкIри, абы хуэзфIэкIащ къэрал властыр зэрыщыту и Iэмыщ1эм ирилъхьэн.

Абы и политикэ еплъыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ зэрыт, дэни щыщIэрыIуэ «Тхылъ плъыжь щыкIухэр» Китайм щыпсэу дэтхэнэ зы щIыхьми кьыздрихьэкIырт.

Цэдэн Мао пщIэ хэха хуащIырт. Абы и сурэт зыпIэт зы тхылъымпIэ кIапи хьифIадзэрэтэкъым. Газетхэм сытым дежи кьытехуэрти, ар яхъумэн хуеIуэ дэтхэнэми и кьалэнт. Уеблэмэ, унагъуэхэм газетхэр здахьим ямыщIэжу, унэм щIэз щIыхьуа зэмани щыIащ.

Къэралхэм я президентхэмрэ Iэтащхьэхэмрэ

ЯЗЫНЫКЪУЭ къэралхэм я властыр зыIэщIэлъыр пащтыхьхэракъым, атIэ щIыхьбэм хаха Iэтащхьэхэрщ. Анхуэдэ къэралхэм республикэкIэ йоджэ, я унафэщIхэр - Президентщ. Пэжщ, пащтыхьхэр яIэту, пщIэшхуэ хуащIу, ихьуерягъым нэхъыфIхэр щыхуэзблахьыу зэрыщытам хуэдэу хаIэтыкI президентхэри щыIащ. Псальэм кьежьащIу зэжыпIэмэ, Кеннеди Джон (1917 - 1963) США-м и президент нэхъ щIэрыIуэу щытащ. Абырэ и щхьэгъусэ Жаклинрэ псоми щапхъэ зыгтрах унагъуэт. Кеннеди президент кьуэлъкъым щыпэрыта лъэхъэнэм Унэ хужьым (США-м и президентхэм я резиденцие) Камелоткlэ еджэрт - пащтыхь щIэрыIуэ Артур и хэщIапIэм ирагъэщIэкъу.

1964 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м Кеннеди Джон Даллас щауКIаеу щытащ. А щIэнхъаджагъэм дуней псор игъэнэщхьеят.

Елизаветэ ЕтIуанэр

ЕЛИЗАВЕТЭ ЕтIуанэр, Великобританиемрэ нэгъуэщI къэрал 15-мрэ я пащтыхь гуащэр, идкьрей конституционнэ монархыу яIытэ. Къэралым и Iуэху зехьэкIэм зы кьалэнэ щIагъэзащIэркъым абы. Политикэ Iуэхуэхэр зэфIэзыхьыр парламентыщ.

Кърахьжьа Iуэхум теухуа хьыбархэмрэ чэнджащIэмрэ Министрхэм я кабинетым пащтыхь гуащэм кьыIэрагъэхьэуэ абыхэм щыгъуэзэ зищIауаращ. Анхуэдэуи зы политикэ партми хэткъым.

Парламентым закон гуэр кьыщицтэм деж пащтыхь гуащэр хопльэ, хуитныгъэ яретри, резолюцэ трегъэувэ. Абы кьеГъэлIагъэр ар а законыр кьащтэным арэзы зэрытехьэр.

Елизаветэ ЕтIуанэм и кьалэнхэр нэгъэщIщ - гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр, зэхьыхьэхэр зэригъэкIуэныгъ, псальэм папщIэ, парламент сессиер кьызэIухьиныр зи пщэрыльыр арат. Анхуэдэуи пащтыхьыгъуэм Iэщэкъ Iэщ1уэзда и къарухэм я Iэтащхьэр Елизаветэ ЕтIуанэрщ.

Пащтыхь гуащэм исхэр щIэх-щIэхьыуэ хамэ къэралхэм макIуэ. Ахуэ ар уаабжьу сэбэн мэхъу Великобританиемрэ адрей къэралхэмрэ зэхущытыкIэфI я зэхуаку дэлъыныжьмкIэ, сату Iуэхум зиужьыныжьмкIэ. Псапащ1э зэгухьэныгъэхэм ирагъэкIуэкI Iуэхуэхэм жьыдэру хэтщ Елизаветэ ЕтIуанэр икIи абы и нэIэ зыгетхэрэ нэхъ зыхуей хуоэ.

Пащтыхь гуащэм Великобританиемрэ я зыужьыныгъэм хэлыфIыхьхэр сытым дежи егъэпажэ. Абыхэм ящыщ дамыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр лIыхъуэсжь щIэр яфIэщыныкIыр.

ШЫПШ Даянэ.

Москва дэт Театр Иным и солистхэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артистхэ Мамсыр Маргаритэ.

● Фэ фщIэрэ?

Иджырей пащтыхьыгъуэхэр

● Адыгэ цIэрыIуэхэр

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Гуапагъым хуэдиз гъащIэ

ЦIыхум и ахъылыр зыми игъэхъеифыныкъым, абы хъэрэпапIэ гуэр имыIэмэ,

ТЕЙЛОР Генри, *инджылыз усакIуэ.*

ЦIыхум и Iэпхъпхъэнкъыр бгъэхьабзэ щыхъуакIэ, и хьэдри пхуеГъэфIэкIуэнущ, и акъылми зыпхуеГъэужьнущ.

ПИСАРЕВ Дмитрий, *урыс публицист.*

ЦIыхум гуапагъэу хэлъым хуэдиз гъащIэ иIэщ.

ЭМЕРСОН Раиф, *америкэ философ, усакIуэ.*

Сыт хуэдизкIэ иримыгъэлеями, цIыхум зэран къыхуэмыхъуу хэлъыр гуапагъэрщ.

ГОЛСУОРСИ Джон, *инджылыз тхакIуэ.*

КъыззэрыгуэкIыу екIуэкI махуэхэри лэжьыгъэм махуэшхуэ пщищIыфынущ.

РАЙНИС Янис, *латыш усакIуэ.*

Нэхъыбэ седжэху, тхыльхъэм дунейм нэхъ пэгъунэгъу сащIырт, апщIондэху гъащIэри нэхъ щхъуэжьIэплъыкIэ кьыщцыхъурт, и купщIэр зыихъащIэрт.

ГОРЬКИЙ Максим, *урыс тхакIуэ.*

Сыту телъыджащэ цIыхур, ар цIыху нэсу щытмэ.

МЕНАНДР, *алыдж усакIуэ, драматург.*

● Гушыпхэр

Тхьэмахуит1 дэкIмэ

Сымаджэ хъуа щIалэр дохутырым деж мэпсалъэ.

- Дохутырым деж сыныщыкIуэну зэманымрэ махуэмрэ кьэсщIэну арат.

- Тхьэмахуит1 дэкIмэ къэпсалъи, устхьищ.

- Сэ сысымаджэщ, апщIондэху сылIэнкIи хуэщ.

- Йгъэ кIынкъым, уи щхьэгъуэгъэ къэгъэпсалъи, узэрыхуэмежьыр кьыджегъэIи зэфIэкIащ.

Пщхьэрыгъыу укъэкIуащ

ЩитIатэр щыгъынхэм екIуи пыIэ дахи кьыхэзыхьыи зыфIэфI бзыльхугъэр тыкуэным щIыхьащ. Зыр щитIагъэмэ, гъуджэм ипльэрэ, тIощI хуэдиз зэрихьэжкIа нэужь:

- Мис мыр нэхъ сигу ирихьащи, дапщэ и уасэр?

- Зыри, ар пщхьэрыгъыу укъэкIуаращ, - ет жэуап тыкуэнтетым.

● Псэущхьэхэр

Опоссум

Опоссум цIыкIыр цIыхум псынщIэу иосэ. Адрей унэ псэущхьэхэм хуэдэу гъущI хъарым щыпIыгъ хъунущ. НэхъыфIыжщ бзу абгъэум ещхь унэ цIыкIу хуэпщIмэ. Щэч хэмылъу, ар нэхъ игу ирихьынущ, махуэкIэ абы щIэпщхьэрэ щыжеинущ. Мы псэущхьэ цIыкIур зэрыс гъущI хъарым жыг къуда-мэхэр, удэхэр хурагъэувэ, щIыуэпсым щыхэсым игъэуту щытахэм щамыщхьэщIэн щхьэкIэ.

Унэм щаIыгъ опоссумхэми ирагъэшхыр хьэпащIэхэрщ. Пхъащхьэмыщхьэхэр, хадэхэкIэр цIыкIуцIыкIуу зэхэупщIэтауэ ират. Псым дэщIыгъуу пхъащхьэмыщхьэпс Iэфхэри зэхэмыз епт хъунущ. Зэфэ псыр махуэ кьэс хъуэжьын хуеинщ, абы уз кьыщхэкI бактериехэр химыщIэн папщIэ. Апхуэдэ дыдэуи гъущI хъарыр кьабзэу зехьэн хуеинщ.

Мы псэущхьэ цIыкIум хьэл хьэлэмэтыщэ хэльщ: шынагъуэ гуэр щыIэу кьыыкIыгъыну мурад зыщIам ищIэн хуей куэд щыIэщ. Абы укIэлъыплъыныр бгъэшхэн кьудейкIэ зэфIэкIыркъым, атIэ уепсэлъэн, удэджэгун хуейщ. Арыншамэ, а цIыкIур зэошынущ, и хьэлым зихъуэжьынущ дзакъэпластхъэу щIидзэнущ. Зэрыджэгун хьэпшып цIыкIухэр игъуэтмэ, уэри утригъэуанущ, мыувыIуэ абыхэм ириджэгуурэ. ГъущI хъарым къибгъэкIамэ, укIэлъыплъын хуейщ, зигъэпщкIун фIэфIщи. Абыхэм я хьэлщ щыгъынхэм я жьыпхэм ипщхьэурэ я щхьэ щыкIухэм фIэкIа кьимыщу исыну.

Аращи, зыщцывмыгъэгъупщэ - мы псэущхьэ фIыуэ фIагъумэ, езыри ныбжьэгъу пэж кьыфхуэхъунущ.

ШОДЖЭН Малинэ.

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **7.** Псы Iуфэ чыцэхэм, мэкъупIэхэм щыпсэу кьуалэбзу ящыкI, щIагъуэу мыльэтэфу. **8.** Дуней псом кьыщащIыкIу дирижерэ щIэжащэ Темыркъан Юрэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Шэджьихьэщ1э ... **51.** Фэм псы дищIэу кьэуцыкIыбзам зэрэдежэр. **52.** Пасэрей зауэлI джанэ, гъущI хъарым кьыхэщIыкIаУэ. **53.** ... техьэ тенэркьым. **55.** Псы, гъэш зэрызэрахьэ кумбыгъэ. **56.** Кавказым щыщ къэралыгъуэм и кьалащхьэ. **58.** Iуэху мыублэ ... хэсщ. **59.** Псы къэкъуальэм кьиущ бырыб. **60.** Щоджэнщыду Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал театрым и унафэщI, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист.

Кьехуу: 1. Iэпкъльэпкъ дахэ зиIэ щIалэ зэкIуж. **2.** Ажалыр ... нэхърэ нэхъ гъынэгъущ. **3.** Уафэм кьех псыIагъэ. **4.** Уи бзэкIэ мыпсалъэ щIыху. **5.** УиIэльащIэ. **6.** КьуалыкъущIэу ягъэуватI, и Iэнатlэр ... хэхьилIэ ищIащ. **9.** ПкIэуэ, лъэуэ кьэзыкIухь псэущхьэ щIыкIу. **10.** Зи суд ящIэм кьыщIхьэщIык щIыху. **15.** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **17.** Псэлъэгъуей. **20.** ЩыхупIэ, екьилIэ задз. **21.** Гъатхэм пасэу кьыхэж удз гъэтха кьащхьэфэ-щакъафэ. **24.** Адыгэ зэрэдежьыкIуэ, «Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист» щIэр гъэкIуам зыфIащ. **26.** Щыхь ин лъэпкъ е щIыху кьарууфIь. **27.** КьурIэн щIыкIу. **29.** Жьэ бзаджэ зышIэт. **30.** Мэ дахэ кьызыих ткIуаткIуэ. **32.** Мэш кьэуаэ. **33.** Уэшх кьемышхуэу пIалъэ кIыхь щыдэкI зэман. **37.** Чы щыкIэ кьыумыгъэшмэ, ... хьуа нэужь кьыпхуэгъэшыкьыркъым. **38.** Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ. **39.** ... имытмэ, лъэкъуэм и мыгъуагъэщ. **41.** Псыежэхым адэкIэ кьыщIыль щIыналъэ. **42.** А унэцIэр зэрахьэ: адыгэ генералым; Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист уэрэджыкIакIуэм. **46.** Члисэхэм фIэлъ уэрджынэшхуэ. **47.** Щхьэусыгъуэ гуэркIэ кьуажэм дэкIаУэ бгыхэм, мэзхэм зыщызыгъэпщIу щIыхуэм зэрэдежэу щыта. **49.** Хэку зауэшхуэм кхъухьлъатэзэхуэу хэта, Совет Союзым и Iыхьжь. **50.** Лъэныкъуабэ хьуа унэ. **54.** Адзмэ, Iуэм зэрилэжьыхь. **55.** Пщым и IуэхутхъэбзащIэ. **57.** ... Мурат» - Кьардэнгъущ1 Зырамыку итъэщIэ адыгэ уэрэдыжь. **58.** Адыгэ тхакIуэ, уэрэдыс ... БетIал.

Зэхэзыльхьар
МЫЗАхьмэдщ.

Гъатхэпэм и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: **5.** ЕнтIыр. **7.** Лэгъунэ. **9.** Баш. **11.** Емынэжь. **12.** Кьалмыкъ. **13.** ПшыукI. **15.** Iэжьэгъу. **17.** Кьэзэр. **18.** ХьэIупэ. **20.** Пшэпль. **22.** Тхъурыжь. **24.** Iупэлэ. **25.** Пэрыт. **29.** Дзбэч. **31.** Гъуабжэ. **32.** Шэрэз. **33.** ЖьитIей. **36.** Дыжьын. **37.** Нэмэз. **38.** Кьэбард. **41.** Нэпсей. **43.** Ябэ. **44.** Кьыгуугу. **45.** Пщащ.

Кьехуу: **1.** Кьунан. **2.** Тпыхьжь. **3.** Хьэлъкъ. **4.** Анэл. **5.** Кьагъыбрмэс. **8.** ХьумпIэцIэдж. **10.** ШыгъэцIыв. **13.** Пхьу. **14.** КIэ. **16.** Гъудэ. **17.** Кьат. **19.** Пыпхэ. **20.** Пхъэбгъу. **21.** «Лъапсэ». **23.** Хьурыфэ. **26.** Жэмыхьэт. **27.** Абрэмывэ. **28.** Кьуэныкьуей. **30.** Чей. **32.** Шыд. **34.** Хьун. **35.** Уз. **39.** Амыщ. **40.** Даур. **41.** Нащэ. **42.** Пэщэ.

Редактор нэхъыщIхэр
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и къудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьжькьаэр Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбардей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ешIапIэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщIхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхуэщ1ап1эхэм ядэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ къызмэхмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэлэIаныгъэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуитныгъэхэм я пажаныжьмкIэ ахэр зытахъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэм и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитныгъэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №И-0065-м щIэту яткащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзэ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыджIыгъуэм егъэмыхэзыр: жэуап зыхь секретарым и къудзэ Къашнокъуэ Эдэ, редактор ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэр Щоджэн Инэ (1, 2-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. КомпьютеркIэ газетым и тепльэр щIидзащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, суратхэм егъэкар Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индекскыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №775

● Псалъэжьхэр

Мафlэр мафlэкlэ зэщIагъанэ

Псым уэхэмыхьауэ, псы есыкIэ зэбгъэщIэнукъым.

Осетин.

Къалэм и фIагъыр и гъунапкъэм къыщащIэ.

Тат.

Мэзыр зэрыщэхэм щхьэкIэ нэщIу уимыгугъэ: абы аслъэн щIэсынкIэ зэхуэхьэ.

Табасаран.

Бгыр бгы хуэныкъуэкъым, ауэ цIыхур цIыхунщэу псэуфынукъым.

Авар.

Дыщэм и гъунэгъу гъущIри мэщIу.

Даргин.

Ухуей закъуэ щхьэкIэ дуней псор уи Iэмыщ1эм пхунлъхьэнкъым.

Лезгин.

Жьыуэ гъуэгу техьэр кьызэринэкIам щыгуфIыкIыжьынущ.

Нэгъуей.

Зи ныбэ изу къэкIуэ хьэщIэр арэзы пщIыну гугъущ.

Балькъэр.

МафIэр мафIэкIэ зэщIагъанэ.

Ингуш.

● Гъэщlэгъуэнщ

Тхьлъ щхьэпэ

Америкэм кьыщыдэкI журналхэм ящыщ зыр тхакIуэхэмрэ артистхэмрэ я деж ушIэупщIащ цIыху щымыпсэу хьитIыгъм кIуэуэ щытамэ кьыздащIэну тхьлъыр зыхуэдэмкIэ. Жэуапхэр зыкIи зэщхьтэкъым: Шекспир Вильям и Iэдакъэщ1ажьэр зэрыт, Свифт Джонатан и тхыгъэхэр щыIэхуэхьэса...

А упщIмкIэ тхакIуэ Честертон Гилберт зыщыхуагъэзам жиIащ:

- Апхуэдэ щытыкIэ укьыщихутам и деж тхьыпI нэхъ щхьэпэр кьхъуэ зэращIыр зэрытырщ.

Швейцер кьызэрыгуэкIащ, - жиIащ Швейцер кьызэфIэныгъэхэм я доктор ещанэу кьыщIысфIащар тIу сиIэти аращ, етIуанэр щIыпхъызгъэкIыфар щIэныгъэхэм я доктор щIэр зесхэрти аращ, итIэр кьыщIэхьажар щIэныгъэ степень сиIэтэкъыми аращ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

И лъэIур хуащIащ

«Алиса в стране чудес» - таурыхъ щIэрыIуэр зэхэзыльхьар Оксфорд университетым математикэмкIэ щIэныгъэджа Кэррол Льюисщ. Ар и лэжьыгъэм кьыщыдэхуэхэм деж нэгъуэ щытащ щIэныгъэлIым.

Инджылызым и пащтыхь гуащэ Викторие а таурыхъым къеджа нэужь, хуабжьу игу ирихьащ икIи Кэррол и Iэдакъэ кьыщIэкIа адрей тхьлъхэр икIэщIыпIэкIэ кьыхуахьыну унафэ ящIащ.

Пащтыхь гуащэм и лъэIур псынщIэ дыдэу хуагъэзэщIащ. Ауэ абы хуабжьу игъэщIэгъащ Кэррол и адрей тхьлъ псори математикэм теухуауэ кьыздэрыщIэкIар.

Гугъу хэлъкъым

Профессор Швейцер Альберт щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ доктор диссертацэу 3 пхигъэкIат. Абы и щыхурэ, щIэныгъэ гъуэгум техьагъащIэ щIалэ гуэр еупщIащ:

- Доктор лэжьыгъэу 3 пхыбгъэкIыныр дауэ пхузэфIэкIа?

- А псори Iэхуу кьызэрыгуэкIащ, - жиIащ Швейцер кьызэфIэныгъэхуу. - ЩIэныгъэхэм я доктор ещанэу кьыщIысфIащар тIу сиIэти аращ, етIуанэр щIыпхъызгъэкIыфар щIэныгъэхэм я доктор щIэр зесхэрти аращ, итIэр кьыщIэхьажар щIэныгъэ степень сиIэтэкъыми аращ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.